

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data

Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta karya sastra karangan R.A.F. Anapon karya sastra nu dimaksud nya éta karya sastra nu jadi milik koléksi pribadi. Jumlah karya sastra beunang R.A.F aya 5 nya éta: 1) kumpulan carpon *Carita Biasa* medal taun 1959; 2) kumpulan carpon *Dongéng Énténg ti Pasantrén* medal taun 1961; 3) novel *Pipisahan* medal taun 1975; 4) novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* medal taun 1990; 5) novel *Béntang Lapang* medal taun 1991.

Tina lima karya sastra nu geus ditataan, dipilih dua karya sastra anu baris dianalisis, nu hiji dina wangun novel nu hiji dina wangun kumpulan carpon. Dua karya sastra éta dianggap bisa ngawakilan sumber data citra wanoja Sunda dina karya sastra karangan R.A.F. Dua karya sastra nu rék dianalisis nya éta: 1) novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*; jeung 2) kumpulan carpon *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén*.

Anapon nu jadi alesan dipilihna dua karya sastra nu geus disebutkeun di luhur lantaran éta karya sastra kalintang *presentatif* pikeun kajian féminis. Hal éta dicirian ku ayana ciri téks féminis dina éta karya sastra nya éta 1) ayana usaha pikeun ngahontal kasaimbangan budaya (androginitas), 2) nyadiakeun metode conto ku jalan eksplorasi (patualangan) pangalaman anyar, jeung 3) mromosikeun solidaritas di antara tokoh wanojana (*sisterhood*). Salian ti éta, dina éta karya sastra gambaran-gambaran ngeunaan tokoh wanoja didéskrripsikeun kalawan jéntré. Tangtuna waé, ieu hal baris ngarojong panalungtik pikeun nyumponan tujuan panalungtikan nya éta ngungkab citra wanoja dina karya sastra Sunda beunang R.A.F.

3.1.1 Déskripsi Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung Kumpulan Carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén*

3.1.1.1 Déskripsi Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*

Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* ditulis ku R.A.F nu jenengan lengkepna Rahmatullah Ading Affandie. R.A.F dibabarkeun ping 2 Oktober 1929 di Banjarsari, Ciamis. Kiwari R.A.F parantos mulih ka alam kalanggengan dina dinten Kemis ping 7 Pébruari 2008. Katineungna kana kasusastraan Sunda kalintang ageungna.

Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* mimiti dipedalkeun ku Rahmat Cijulang Bandung taun 1900. Tuluy dicitak ulang ku PT Kiblat Buku Utama, Bandung, nepi ka 4 kali citakan. Citakan terakhirna aya dina bulan Pébruari taun 2008. Lobana citakan ulang nandakeun yén ieu novel kawilang novel nu alus nu mibanda ajén sastra anu luhung sarta dipikaresep ku masarakat nepi ka payu dijual. Salian ti éta ieu novel ogé kungsi dilélér Hadiah Rancagé taun 1991.

Rarancang ilustrasi gambar jilid dijieun ku Tim Kréatif Kiblat. Dina jilid novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*, aya gambar hiji wanoja rumaja. Buukna panjang ngaombak banyu dibeulah sisi, dibeungkeut saeutik, sawaréhna deui dirumbaykeun ka tukang jeung ka hareup ngaliwatan lebah beuheung jeung dadana. Halisna kandel ngajélér paéh. Tina paromanna nu keur imut, bisa kagambarkeun yén éta wanoja téh kacida amis budina. Dangdananana kawilang basajan tapi matak ngirut ati. Teu béda jeung novel-novel lianna nu midangkeun ilustrasi gambar jalma dina jilidna, biasana éta gambar téh aya patalina jeung tokoh nu rék dicaritakeun ku pangarang. Kitu deui jeung gambar nu aya dina jilid novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*, éta gambar téh mangrupa gambaran tokoh nu rék dicaritakeun ku pangarang.

Warna dasar jilid héjo jeung coklat. Di sisi beulah katuhu aya tulisan *Nu Kaul Lagu Kaléon* minangka judul ieu novel, warna huruf nu dipaké nya éta héjo. Di juru luhur beulah kénca aya tulisan kiblat belajar sepanjang hayat nu dipulas ku warna wungu kalawan dasar pasagi warna bodas minangka pamedal ieu buku. Di juru handap beulah kénca aya tulisan R.A.F nu hurufna maké warna konéng salaku pangarang ieu novel.

Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina *Nu Kaul Lagu Kaléon* Jeung 40 *Dongéng Énténg Ti Pasantrén* Karya R.A.F
(Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Format ukuran novél nya éta 20,5cm x 14cm. Dina kaca kahiji aya biografi singget R.A.F ti mimiti gubrag ka alam dunya, riwayat atikanana jeung karya-karyana. Dina kaca kadua aya tawis nuhun ka Ki Atjé Hasan Su'éb, Ki Apung S.Wiratmaja, jeung H.Rahmat Sukmasaputra (Alm). Artina ieu novel téh teu leupas tina bantuan tilu urang éta boh dina méré ide jeung bongbolongan boh dina ngaropéana saméméh medal. Dina kaca katilu aya judul novel, pangarang jeung pamedalna. Dina kaca kaopat aya idéntitas novel. Dina kaca kalima aya bagian nu dijudulan 'Narangtang' nu mangrupa bubuka jeung panganteur ti pangarang.

Eusi novel diwangun ku dua bagian, kandelna 100 kaca. Bagian kahiji dijudulan Kahudang jeung bagian kadua dibéré judul Meunang Raratan. Bagian 'Kahudang' dimimitian ti kaca 9 nepi ka 59, gurat badagna nyaritakeun tokoh Pendi nu kahudang deui ingetanana ka hiji wanoja lantaran ngadéngékeun sora nu kaul lagu kaléon dina hiji riungan tembang. Bréh tembung deui lambaran-lambaran kahirupan Pendi dina mangsa katukang waktu manéhna keur namu ka imah Kang Atma, rék niténan latihan nembangna Yati tuluy nepi ka panggihna jeung Nani, adina Yati. Nani teu apal-apal acan manéhna boga bakan kasidem dina widang tembang, nepi ka dititah ngahaleuangkeun tembang ku Pendi. Nani boga inghak nu béda ti batur, nu ngabalukarkeun sora manéhna has bisa dibédakeun jeung sora-sora tukang nembang nu lianna. Ti saprak harita, Nani nu tadina ngan ukur nganteur lanceukna latihan nembang, jadi sok ilubiung latihan nembang ogé. Beuki lila beuki dieu Nani jeung Pendi beuki deukeut, lain ngan saukur deukeut antara nu ngalatih jeung nu dilatih, tapi leuwih deukeu ti éta. Aya rasa deudeuh jeung nyaah nu nyaliara dina haté maranéhanana. Ngadéngé sora nu nembang peuting harita, Pendi kacida panasaran ka wanoja nu kaul lagu kaléon, naha bener éta Nani atawa lain. Pendi bingung lantaran manéhna inget yén Nani kungsi kedal jangji moal nembang-nembang deui kalah kumaha ogé. Lantaran kapanasaran éta, Pendi panceg rék ngadatangan deui imah Pa Sadikin nu basa peuting harita ngayakeun riungan tembang.

Bagian 'Meunang Raratan' dimimitian ti kaca 60 nepi ka 100, nyaritakeun kumaha tokoh Pendi meunang raratan yén wanoja nu kaul lagu kaléon peuting harita éstuning Nani. Sanajan nepi ka ahirna, Pendi teu kungsi panggih jeung

Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina Nu Kaul Lagu Kaléon Jeung 40 Dongéng Énténg Ti Pasantren Karya R.A.F
(Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nani, tapi di bagian ieu Péndi jadi apal kumaha kahirupan Nani salila ieu. Ti mimiti ditinggalkeun ku Pendi nepi ka pepegatan jeung salakina nu ayeuna.

Dina jilid bagian tukang pangluhurna aya gambar buku novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* kalawan ditambahan ku potongan carita ieu novel saperti kieu:

Da siga nu kawisaya atuh. Basa mangkatna nu kaul numbu hulu Kaléon, siga nu mayat. Henteu ngejat! Mimitina lemes sari-sari ngagerentes, tuluy ngabedasan, tapi tukuh dina latar buludru, lemes!

Naha téga-téga teuing

Teu sangka taya ras-rasan

Kekejatan hayang néngo jirimna nu kaul, hayang ningal ulatna. Sabab siga nu asa-asa kedal padalisan Kaléon téh. Siga nu lalungsé, cék tadi gé awalna mah siga ngagerentes.

Di handapeunana aya sinopsis singget kumaha gurat badagna carita dina ieu novel sarta digambarkeun kumaha cara pangarang nepikeun caritana kalawan basa Sunda nu éndah jeung alur nu matak ngahudang kapanasaran (teu bruk-brak).

Di handap juru beulah katuhu aya gambar wangun beulah *ketupat* nu di jerona aya wangun pasagi opat minangka miniatur tina gambar ka'bah sarta di handapna aya tulisan kiblat (belajar sepanjang hayat) minangka penerbit ieu novel.

3.1.1.2 Déskripsi Kumpulan Carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén*

Kumpulan carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén* mangrupa citakan ulang tina kumpulan carpon *Dongéng Énténg ti Pasantrén*. Bédana téh dina 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén* mah caritana ditambahan deui, nu tadina ngan ukur 20 carita ditambahan jumlah caritana jadi 40 carita sangkan leuwih leubeut dereseunana.

Kumpulan carpon *Dongéng Énténg ti Pasantrén* dipedalkeun ku Penerbit Taraté Bandung taun 1961 tepi ka citakan kaopat taun 1984. Tuluy dicetak ulang deui ku CV Geger Sunten Bandung taun 1998 kalawan jumlah carita nu ditambahan sarta judulna robah jadi 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén*. Nepi ka ayeuna can aya deui citakan ulang, padahal geus sakitu lilana, ti taun 1998-2013. Kawilang hésé néangan ieu buku téh, sabab di pasaran geus euweuh nu nyésa. Padahal mah, lamun ieu kumpulan carpon dicetak deui moal burung payu sabab karya R.A.F kaasup kana karya sastra nu miboga ajén sastra anu luhung.

Ilustrasi gambar dijieun ku Dédé Rahmat. Dina jilid kumpulan carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén* aya gambar kumpulan barudak pasantrén keur suka bungah ngadulag. Jumlah barudakna aya 7 urang, nu saurang nangtung bari ngadulag, saurang deui nangtung nakolan kokkol, nu duaan nangtung milu éyak-éyakan ngareuah-reuah, nu tiluan deui dariuk naringalikeun babaturanana nu keur ngadulag. Ilustrasi gambar dina jilidna tangtuna waé mangrupa gambaran tokoh-tokoh nu aya dina carita. Papakéan barudakna nu digambarkeun maraké kopéah, kaos jeung calana pangsi sarta sarung nu disolémpangkeun na taktak kacida idéntikna jeung kahirupan di dunya pasantrén. Paroman barudak nu digambarkeun barungah saruka senang ngadulag mangrupa gambaran kumaha kahirupan di dunya pasantrén.

Warna dasar jilid héjo. Di sisi pangluhurna beulah katuhu aya tulisan RAF pulas konéng salaku pangarang ieu carita. Handapeun tulisan RAF, aya tulisan 40 DONGÉNG ÉNTÉNG TI PASANTRÉN minangka judul ieu buku. Angka 40 maké pulas warna konéng sedengkeun tulisan dongéng énténg ti pasantrén na maké pulas beureum. Di panghandapna beulah tengah aya tulisan Penerbit CV GEGER SUNTEN Bandung dipulas warna beureum, anu medalkeun ieu buku kumpulan carpon.

Format ukuran novel nya éta 21cm x 14,7cm. Dina kaca kahiji aya judul bukuna 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén*. Dina kaca katilu ditulis deui judul 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén* lengkep jeung ngaran pangarangna RAF sarta nu medalkeunana Geger Sunten. Dina kaca kaopat aya identitas buku jeung alamat penerbit. Kaca kalima mangrupa kekecapan panganteur ti pangarang kana kumpulan carpon *Dongéng Énténg ti Pasantrén* nu mangrupa cikalna tina ayana 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén*. Salian ti éta, dina kaca katujuh ogé aya bubuka ti pangarang. Dina bagian ieu, pangarang ngajéntrékeun kumaha kasang tukangna kumpulan carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén* bisa medal.

Luyu jeung judulna, jumlah carpon nu aya dina 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén* nya éta 40 carita. Judul-judul 40 carita éta diantarana (1) “Ajengan”; (2) “Ibu Ajengan”; (3) “Masantrén”; (4) “Pasantrén”; (5) “Poé Kahiji”; (6) “Élmu Ajug”; (7) “Niat”; (8) “Ngupat”; (9) “Tunil”; (10) “Ngadulag”; (11) “Maén Bal”;

Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina Nu Kaul Lagu Kaléon Jeung 40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén Karya R.A.F
(Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


(12) “Ka Kota”; (13) “Al-Kadzib”; (14) “Dang Engkos Putra Camat”; (15) “Ngaran”; (16) “Man Syabba’ala Syaain”; (17) “Aya Jurig Sisi Balong”; (18) “Hutang”; (19) “Cita-cita”; (20) “Panghulu”; (21) “Merebot”; (22) “Mang Mad Ahya”; (23) “Tukang Cukur”; (24) “Jadi Tukang Cukur”; (25) “Jihadun Nafsi”; (26) “Baékot”; (27) “Seinanden”; (28) “Fuku Sotaico”; (29) “Hukuman”; (30) “Tsamanan Kolilan”; (31) “Surat Maryam”; (32) Arab, Onta, jeung Korma”; (33) “Handeueul”; (34) “Peristiwa Bekong”; (35) “Perjalanan”; (36) “Tas Kameumeut Ajengan”; (37) “Kikiriman”; (38) “Sémah”; (39) “Ngabedahkeun”; (40) “Papanggih Deui”.

40 carita éta nyaritakeun kumaha kahirupan tokoh kuring salila nyuprih élmu di pasantrén. Ti mimiti dianteurkeun ku kolotna ka pasantrén tepi ka kaluarna ti pasantrén lantaran rék nuluykeun deui sakola. Dina 40 carita ieu dicaritakeun ogé kumaha susah senangna tokoh kuring jeung sobat-sobatna salila masantrén, sarta kisah cintana antara tokoh kuring jeung Nyi Halimah, putra ajengan nu boga pasantrén.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain nya éta rarancang. Desain panalungtikan nya éta bagan guluyuran tahap panalungtikan anu ngagambarkeun langkah-langkah panalungtikan. Desain dina rarancang panalungtikan miboga tujuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, antukna bisa meunangkeun hiji logika.


Desain panalungtikan dina ieu panalungtikan baris digambarkeun dina bagan di handap:



Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina Nu Kaul Lagu Kaléon Jeung 40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén Karya R.A.F (Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



3.3 Metode Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtuna waé kudu dirojong ku metode-metode anu luyu jeung tujuan nu hayang dihontal. Metode bisa dihartikeun cara mikir numutkeun aturan atawa sistem anu tangtu. Metode naon anu dipaké tangtuna waé mangaruhan kana léngkah-léngkah panalungtik dina ngumpulkeun data, pituduh kumaha hiji panalungtikan dilaksanakeun, alat naon waé nu dipaké dina ngumpulkeun, sakumaha lobana data anu diperlukeun sarta kumaha ngolah datana.

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode deskriptif analitik. Ieu metode deskriptif analitik digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta ngadadarkeun gambaran-gambaran tokoh wanoja dina téks sastra (novel jeung carpon) sarta gambaran-gambaran tokoh wanoja anu nyampak téh baris dianalisis dumasar kana wangun interprétasi/ surahan. Ieu metode nyoko kana panalungtikan kualitatif. Dina panalungtikan kualitatif métode nu dipaké nya éta métode kualitatif nu prosedur panalungtikanana dumasar data-data déskriptif sarta ngahasilkeun data-data dina wangun kekecapan tinulis (Bogdan & Taylor dina Isnendes, 2010:124).

3.4 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan diperlukeun katerangan anu jéntré sangkan teu nimbulkeun rupa-rupa panapsiran, ieu katerangan téh patali jeung judul panalungtikan. Di handap ieu mangrupa tapsiran harti tina judul panalungtikan.

1) Citra

Citra nya éta gambaran nu dipiboga ku hiji jalma. Jadi citra wanoja Sunda mangrupa wujud gambaran pola tingkah laku wanoja Sunda dina hirup kumbuh sapopoéna nu némbongkeun gambaran jeung ciri has wanoja.

2) Novel

Novel nya éta prosa rékaan anu panjang, jalan caritana kompléks (ngarancabang) tapi gumulung jadi hiji kalawan susunan nu ngéntép seureuh.

3) Carita Pondok (carpon)

Carita pondok téh nya éta tulisan atawa karangan dina wangun prosa anu sifatna rékaan tur galur caritana rélatif pondok tur basajan.

4) Kritik Sastra

Kritik sastra nya éta usaha ngajén hiji karya sastra dina wangun méré pujian, ngébréhkeun kasalahan, méré tinimbangan ngaliwatan pamahaman jeung tafsiran nu sistematis.

5) Feminisme Ideologis

Feminis ideologis nya éta kritik sastra nu museurkeun paniténa kana citra, gambaran, cara mikir, jeung laku lampah wanoja dina kahirupanana.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta pakakas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Numutkeun Arikunto (2010, 193-201) aya sababaraha instrumén panalungtikan nu bisa digunakeun di antarana nya éta (1) tés; (2) angkét; (3) *interview*; (4) observasi; (5) skala bertingkat (*rating*) jeung; (6) dokumentasi. Sangkan leuwih sistematis instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta instrumén dokuméntasi. Hal ieu luyu jeung métode panalungtikan nu dipaké nya éta métode talaah pustaka, dokumentasi, jeung analisis.

Instrumén dokuméntasi nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta slip data nu dipaké sangkan babari dina ngumpulkeun data panalungtikan. Éta slip data ngawengku opat hal nya éta citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, citra wanoja di kulawarga, jeung citra wanoja di masarakat. Di handap ieu mangrupa gambaran tina slip data nu digunakeun.

Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina Nu Kaul Lagu Kaléon Jeung 40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén Karya R.A.F
(Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Slip Data NKLK

<p>Slip Data 1 Citra Fisik Wanoja dina NKLK (cutatan-cutatan fisik wanoja) (kaca)</p>	<p>Slip Data 2 Citra Psikis Wanoja dina NKLK (cutatan-cutatan psikis wanoja) (kaca)</p>
<p>Slip Data 3 Citra Wanoja di Kulawarga dina NKLK (cutatan-cutatan wanoja di kulawarga) (kaca)</p>	<p>Slip Data 4 Citra Wanoja di Masarakat dina NKLK (cutatan-cutatan wanoja di masarakat) (kaca)</p>

Slip Data dina DÉTP

<p>Slip Data 1 Citra Fisik Wanoja dina DÉTP (cutatan-cutatan fisik wanoja) (kaca)</p>	<p>Slip Data 2 Citra Psikis Wanoja dina DÉTP (cutatan-cutatan psikis wanoja) (kaca)</p>
<p>Slip Data 3 Citra Wanoja di kulawarga dina DÉTP (cutatan-cutatan wanoja di kulawarga) (kaca)</p>	<p>Slip Data 4 Citra Wanoja di Masarakat dina DÉTP (cutatan-cutatan wanoja di masarakat) (kaca)</p>

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta talaah pustaka, jeung analisis data.

Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun nyangkem tiori-tiori jeung sumber lianna nu baris dijadikeun tatapakan dina ieu panalungtikan. Buku anu dijadikeun objek panalungtikan nya éta novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan carpon

Anisa Rahma, 2013

Citra Wanoja Sunda Dina Nu Kaul Lagu Kaléon Jeung 40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén Karya R.A.F
 (Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

40 Dongéng Énténg ti Pasantrén sarta dideudeul ku buku-buku lianna nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

Téhnik analisis data digunakeun pikeun nganalisis data-data anu aya dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan carpon *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén* nepi ka ngahasilkeun data anu luyu jeung tujuan nu hayang dihontal.

Léngkah-léngkahna nya éta: 1) maca sagemblengna karya sastra beunang R.A.F (anu kapanggih); 2) maca karya sastra beunang R.A.F kalawan daria bari dilenyepan nepi ka meunangkeun ajén anu nyangkaruk dina téks nu rék ditalungtik sangkan babari dina milih sampel; 3) nangtukeun sumber data tina karya sastra beunang R.A.F pikeun bahan analisis. Karya sastra nu dipilih nya éta karya sastra nu dianggap pangpunjulna dina hal ngagambarkeun tokoh jeung penokohan wanoja.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Sabérésna data kakumpul, tuluy kudu dilaksanakeun analisis data sangkan bisa aya kacindekan tina panalungtikan. Arikunto (2010: 278) nyebutkeun sacara gurat badag, analisis data ngawengku tilu hal, nyaéta tatahar, tabulasi, jeung pamakéan data luyu jeung pamarekan panalungtikan.

3.7.1 Tatahar

Tatahar mangrupa kagiatan mimiti anu dilaksanakeun dina analisis data. Kagiatan dina tatahar ieu nya éta mariksa deui kalawan gemet data anu geus dikumpulkeun.

3.7.2 Tabulasi

Tabulasi nyéta prosés ngahijikeun sakabéh data anu kapanggih. Satuluyna data diolah dumasar gundukan. Kagiatan dina tabulasi di antarana nya éta: 1) ngumpulkeun sakabéh data anu kapanggih hasil studi pustaka; 2) ngumpulkeun masing-masing data kana gundukan, gundukan data primer nyaéta anu patalina langsung jeung subjek panalungtikan sedengkeun gundukan data sekunder nya éta data pangrojong liana; 3) nyieun pengkodean data sangkan data leuwih gampang diolah jeung leuwih alus hasilna.

3.7.3 Dilarapkeunana Data Luyu jeung Pamarekan Panalungtikan

Data anu geus ditabulasi tuluy diolah dumasar kana pamarekan struktural jeung kritik sastra féminis idéologis. Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan ngawengku: 1) nyirian sakabéh unsur nu ngandung gambaran tokoh wanoja (gambaran pisik, psikis, wanoja di lingkungan kulawarga, jeung wanoja di lingkungan masarakat) sarta strukturalna (téma, fakta carita, jeung sarana carita) dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan carpon *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén*; 2) mindahkeun sakabéh unsur anu ngandung gambaran tokoh wanoja kana wangun tabél/instrumén; 3) napsirkeun sakabéh data anu kapanggih dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan carpon *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén*; 4) nyindekkeun hasil analisis data.